



ABC FAZ KONTINANTAL SINÓD SOU SINODALITE A



Entwodiksyon

Konsèy Episkopal Amerik Latin lan (Celam) mete a la dispozisyon Konferans Episkopal kontinan ak pèp Bondye yo, an jeneral, resous sa ki ramase kèk oryantasyon fondamantal Sekretarya Sinòd la alantou Faz Kontinantal Sinòd sou Sinodalite 2021-2024 la.

Resous sa a ap chèche reponn kèk nan kesyon ki parèt pi souvan pandan rankont yo ak ekip nasyonal yo ki okipe ak akonpaye pwosesis Sinòd la nan chak peyi yo, epi li konstitiye tou yon èd pedagogik pou apwofondi sans ak lespri faz sa a nan kontinwite ak chemen an ki te pran epi ak yon lide nan pwochèn etap yo.

Komisyon kowòdinatris Celam pou Sinòd sou Sinodalite a.

Nan ki moman nou jwenn nou nan pwosesis sinodal la?

Sinòd 2021-2024 la ke Pap Franswa konvoke a ap avanse kounyeya avèk faz kontinantal ki te kòmanse 27 oktòb 2022 aprè piblikasyon Dokiman an pou Etap Kontinantal la epi lap fini 31 mas 2023 lè yo voye yo bay Sekretarya Sinòd la sentèz chak kontinan yo.

Kisa ki Faz Kontinantal la?

Faz Kontinantal la se yon tan pou koute ak disèneman tout Pèp Bondye yo ak tout dyosèz yo, ki dirije nan yon seri asanble rejyonal yo. Sa pa vle di yon repetisyon Faz Dyosezyèn lan ki te fèt anvan an. Se pito yon moman pou apwofondi, nan disèneman, ki baze sou Dokiman pou Etap Kontinantal la, ki gen ladan l kontribisyon yo fè pa tout peyi nan mond lan.

Ki objektif Faz sa a?

Faz Kontinantal sa fè pati pwosesis sinodal la. Lap chèche mete aksan sou dyalòg ant Legliz la ak Legliz patikilyè kap apwofondi nan disèneman nan chak kontinan, apati de sa ki di Pèp Bondye a nan tout mond lan.

Li vize pou ankouraje tou kreyasyon an oubyen ranfòse lyen ant Legliz vwazen yo, apati dinamik, tansyon, defi ak patikilarite istorik-kiltirèl espesifik yo nan chak rejyon. Analiz li vle vin yon opòtinite pou koute reyalyte periferik sa yo oubyen andeyò ki pa te antre nan etap anvan an, byen ke li poko moman pou sijere repons ni pou deside siy aksyon.

Pou konprann pi byen sa ki pwòp a Faz Kontinantal sa, li enpòtan pou rete pi lwen yon lide lineyè ki konsidere ke sa ki te travay nan pawas yo, nan dyosèz oubyen kominote eklezyal yo li pral "montr" nan sentèz ki swiv nan nivo plis inivèsèl yo.



Kiyès ki kapab patisipe nan Faz Kontinantal sa a?

Kòm nan faz enferyè yo, li envite tout pèp Bondye a yon lòt fwa .

Aprè chak Konferans Episkopal ap rekolekte epi fè sentèz kontribisyon sa yo nan fason ki pi apwopriye pou vin prezante rankont rejyonal yo.

Li enpòtan pou sonje disèneman baze sèlman sou Dokiman Etap Kontinantal la (DEK) epi li ap reponn ak 3 kesyon ki endike nan nimewo 106 la, ak metodoloji konvèzasyon espirityèl la :

Aprè yo fin li DEK nan yon Klima de priyè, ki enstwisyon pi fè rezonans ak eksperyans yo epi reyalyte konkrèt legliz la nan kontinan an? Ki eksperyans ki sanble nouvèl oubyen klè.



Aprè yo fin li DEK epi yo fin nan lapriyè, ki tansyon oubyen sijesyon ki parèt kòm patikilyèman enpòtan nan pèspektiv nan kontinan an? Pa konsekan, ki kesyon ke yo dwe abòde epi konsidere nan pwochen faz pwosesis la?

Lè m map gade sa ki founi nan 2 kesyon avan yo, kiyès nan yo ki priyorite, tèm frekan yo, epi apèl aksyon ki ka vin pataje avèk lòt Legliz lokal tout mond yo epi ki diskite pandan Premye Sesyon Asanble Sinodal an oktòb 2023 a?

Sonje ke li nesesè pou konprann Dokiman pou Etap Kontinantal la (DEK) se pa kòm dokiman pou amande, korije oubyen elaji devan etap inivèsèl, sinon kòm yon vrè gid pou yon disèneman pèmanan, fwi ekout Pèp Bondye a.

Kòman yo pral reyalize Asanble Kontinantal Ameri Latin epi Karayib la?

Nan kontinan nou an Asanble a pral genyen pwòp karakteristik pwiske yo reyalize atravè rankont nan chak 4 rejyon Amerik latin epi Karayib la.

Amerik Santral epi Meksik: pran 13 rive 17 fevriye nan Salvadò .

Karayib: pran 20 rive 24 fevriye nan Sen Domeng (Repiblik Dominikèn).

Peyi Bolivaryen yo: pran 27 fevriye ri 3 mas

Kòn sid : pran 6 rive 10 más nan Brezil.

Delege ki chwazi pa Konferans Episkopal, pandan yap valorize kantite karis ak vokasyon yo: layik, relijye, relijyez , dyak, pè ak monseyè. Se ta yon opòtinite tou pou envite reprezantan chak sektè yo ke vwa yo pa rive nan premye faz la, pandan yap bay yon patisipasyon otanke posib





Nan rankont rejyonal yo, patisipan yo pral travay sèlman Dokiman pou Etap Kontinantal la DEK, li pral travay tou nan limyè metodoloji a nan konvèzasyon espiyèl, pandan yap genyen kòm eko sa ke yo disènen nan dyosèz yo, sentèz Konferans Episkopal yo ak tèks ki fini Premye Asanble Eklezyal Amerik Latin yo ak Karayib la, ki te yon reyèl eksperyans sinodal.

Kòman yo pral ekri Sentèz Kontinantal la?

Nan fen 4 rankont rejyonal yo ki pral realize Bogota (Colombi) yon rankont avèk delege chak rejyon, manm ekip la pou faz Kontinantal ak lòt envite, pou travay nan yon kad de disènman, sentèz Kontinantal la.

Aprè sa pral gen yon rankont evèk yo pou yo ka menm jan Dokiman mande li a revize eksperyans sinodal ki te viv la a responsabilite espesifik la, men pandan yap respekte pwosesis ki fèt la epi fidèl ak diferan vwa Pèp Bondye a.

Yo pral voye Dokiman sa a pou pi ta le 31 mas 2023 bay Sekretarya General Sinòd pou konstitiye, ansam avèk lòt 6 kontinan yo, nan baz Instrumentum Laboris 16 Asanble Òdinè Sinodal Evèk yo ki pral gen premye sesyon li an oktòb 2023 epi dezyèm sesyon li an oktòb 2024.

